Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FESTIVAL KOUS BELMONT STAKES LA AP RETOUNEN NAN SARATOGA AN 2026

Dènye Belmont Stakes Saratoga a trase chemen pou Gran Re-ouvèti a ak Breeders' Cup 2027 la nan Pak Belmont reyamenaje a

Gouvènè Kathy Hochul ak Asosyasyon Kous Nouyòk la, Inc (New York Racing Association, Inc., NYRA) te anonse jodi a ke Festival Kous Belmont Stakes la pral retounen nan Saratoga Race Course istorik la an jen 2026 pou yon twazyèm e dènye ane pou pèmèt konstriksyon yon nouvo Pak Belmont nan Elmont, N.Y., alè e san entèripsyon.

"Nouyòk se lakay espò ak amizman klas mondyal e dènye chapit Belmont Stakes sa a nan Saratoga Race Course onore eritaj rich kous nou an pandan l ap louvri chemen pou yon nouvo avni solid nan Pak Belmont lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou fè kous la tounen Saratoga ane pwochèn, sa ap ogmante odyans lan ankò pou etap istorik Triple Crown sa a epi asire ke fanatik yo kontinye jwi tout eksperyans lan."

Anons sa a vini apre Festival Kous Belmont Stakes 2025 ki te fini dènyèman an, kote viktwa Sovereignty te make 157è edisyon Belmont Stakes Nivo 1 an, 2 milyon dola, prezante pa NYRA Bets samdi a.

Pak Belmont ki te reyamenaje a konsève orè pou ouvri pou piblik la an septanm 2026. Malgre ke NYRA te deja kite posiblite pou òganize yon Belmont Stakes nan yon etablisman ki pa fin konstwi ak yon kantite fanatik limite, desizyon pou retounen nan Saratoga Race Course pou Belmont Stakes Racing Festival 2026 la ap pèmèt evènman lib kont divès restriksyon ki vin nesesè akòz konstriksyon k ap kontinye a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Kous Nouyòk la Dave O'Rourke te deklare, "Saratoga te sèvi fanatik nou yo ak moun ki gen enterè yo trè byen kòm lakay tanporè Belmont Stakes yo pandan konstriksyon yon nouvo Pak Belmont nan Long Island. Pandan n ap prepare pou ouvèti nouvo Pak Belmont la nan otòn 2026 la, NYRA kontan pou l mennen Belmont Stakes yo nan Saratoga pou yon twazyèm e dènye fwa an jen pwochen. Pak Belmont ap toujou rete lakay Belmont Stakes yo epi n ap tann ak enpasyans retou li nan Belmont ki fèk reimajine a an 2027."

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Lefèt ke nou te pote Festival Belmont Stakes la nan Saratoga Race Course pandan de dènye ane yo te prezante nouvo odyans ak nouvo vizitè nan Saratoga Springs ak kominote ki antoure li yo, sa ki sipòte ti biznis lokal nou yo ak ekonomi touris nan Nò a. Lè yo bay Saratoga yon twazyèm opòtinite pou òganize twazyèm etap Triple Crown kous la, plis fanatik toujou pral enspire pa sikonstans inik sa a epi planifye yon vwayaj pou fè eksperyans eksitasyon, istwa ak bèl espektak la dirèkteman."

Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare, "Desizyon pou pote yon lòt fwa ankò Festival Kous Belmont Stakes la nan Saratoga an 2026 demontre yon angajman solid pou prezève tradisyon an epi asire siksè modènizasyon Pak Belmont la. Peryòd tranzisyon sa a pèmèt kous chwal premye klas yo kontinye tout pandan l ap bay yon bourad ekonomik pou Saratoga epi amelyore eksperyans pou fanatik kous chwal yo. Mwen ap tann ak enpasyans gwo re-ouvèti yon Pak Belmond dènye kri an 2027 epi enpak ekonomik ak sosyal kontinyèl ke evènman kous premye klas sa yo pote nan eta nou an."

Manm Asanble, Carrie Woerner, te deklare, "Saratoga Springs ak Saratoga Race Course te òganize de Festival Kous Belmont Stakes ki te reyisi epi nou kontan anpil pou n ap òganize twazyèm etap enteresan Triple Crown nan ankò. Yon fwa Belmont Park ki reyimajine a ouvri, Nouyòk pral lakay pist kous cheval Thoroughbred ki pi modèn epi ki plis istorik nan peyi a. Mwen deja ap tann ak enpasyans ane pwochèn nan ak bèl avni espò tradisyonèl sa a nan eta nou an."

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Saratoga a ak Sipèvizè Pak Vil Clifton, Phil Barrett, te deklare, "Konte Saratoga fyè dèske li asosye avèk anpil òganizasyon pou sipòte evènman ki koresponn ak Belmont Stakes yo. Nou fyè pou nou òganize Belmont la epi evènman an atire moun nan konte nou an, li ba nou opòtinite pou nou montre atraksyon lwazi, kiltirèl ak istorik nou yo. Nou pral kòmanse planifye pou 2026 avèk NYRA ak òganizasyon patnè yo pou nou ka ofri pi bon eksperyans posib la!"

Majistra Vil Saratoga Springs lan, John Safford, te deklare, "Se te yon onè ak yon privilèj pou Saratoga Springs pou l te akeyi The Belmont pandan de dènye ane yo. Kolaborasyon eksepsyonèl ant NYRA, Chanm Komès la, Discover Saratoga, ak lòt patnè kominotè devwe yo te kreye yon eksperyans memorab pou tout moun ki te vizite vil nou an. Nou kontan kontinye patenarya solid sa yo epi nou akeyi yon lòt ane Belmont nan Saratoga pou 2026."

Prezidan Chanm Komès Konte Saratoga, Todd Shimkus te deklare, "Se te yon onè pou kominote lokal la ak rejyonal la pou ede sèvi kòm jeran pou Belmont Stakes yo pandan konstriksyon nouvo Pak Belmont la, epi nou kontan fè sa pou yon dènye ane. Chanm Komès la ak patnè nou yo deja ap travay sou plan pou yon twazyèm konsè lansman Belmont on Broadway an 2026 pou sipòte Festival Kous Belmont Stakes la."

Prezidan Kòporasyon Devlopman Ekonomik Saratoga a, Greg Connors, te deklare, "Nan Konte Saratoga, nou pa t ka pi rekonesan anvè Gouvènè a ak NYRA

paske yo ramne Festival Kous Belmont Stakes la nan Saratoga an 2026. Enpak ekonomik sibstansyèl la pa sèlman sou Saratoga men tou sou Rejyon Kapital la. Istorikman, rankont tradisyonèl Saratoga a kontribye apeprè 9 milyon dola pa jou nan ekonomi lokal la. Epi, avèk patnè nou yo nan sektè gouvènman an, biznis yo ak devlopman kominotè a, nou te travay kòm yon ekip, pandan 2 dènye ane yo, pou montre kominote nou an bay lemonn antye ak endistri kous cheval ras pi klas mondyal la, ke Konte Saratoga ak Vil Saratoga Springs kapab e pare pou jere yon evènman kous cheval istorik konsa ki gen enterè nasyonal ak entènasyonal. Pou yon dènye fwa nan ane 2026, Konte Saratoga kontan akeyi lemonn antye ankò nan Festival Kous Belmont Stakes la nan Saratoga Race Course la."

Prezidan Discover Saratoga, Darryl Leggieri, te deklare, "Nou vrèman kontan reyakeyi Festival Kous Belmont Stakes la nan Saratoga an 2026 pou twazyèm ane konsekitif la. Òganize evènman anblematik sa a pa sèlman yon gwo onè—se yon temwayaj sou kapasite Konte Saratoga pou akomode gwo evènman sou yon echèl nasyonal an sekirite epi avèk siksè. Belmont Stakes pote yon ogmantasyon remakab nan ekonomi lokal nou an epi li bay kominote nou an, ti biznis nou yo, ak otelri klas mondyal ki defini Saratoga a yon vizibilite enkwayab. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Asosyasyon Kous Nouyòk la pou konfyans yo kontinye genyen nan Saratoga kòm yon destinasyon premye klas pou kous ak aktivite touris."

Belmont Stakes 2026 la, prezante pa NYRA Bets, ap fèt samdi 6 jen. Kous la ap fèt ankò sou 2 km (1.25 mil) an 2026, olye 2.4 (1.5 mil) tradisyonèl la akòz konfigirasyon pist prensipal Saratoga a.

Nan semèn k ap vini yo, Saratoga Race Course pral sèvi kòm kay yon Festival Kous espesyal 4 Jiyè ki tradisyonèlman fèt nan Pak Belmont lan. Evènman kat jou a ap dewoule soti jedi 3 jiyè pou rive dimanch 6 jiyè epi l ap sèvi kòm yon prelid pou tradisyonèl rankont ete Saratoga ki dire 40 jou a ki pral kòmanse jedi 10 jiyè epi ki pral kontinye jiska Fèt Travay la, lendi 1e septanm. Eta Nouyòk ak NYRA ap redevlope Pak Belmont lan kounye a, avèk yon pwojè konstriksyon kapital 455 milyon dola pou transfòme etablisman an yon destinasyon kous ak amizman klas mondyal.

Mwa pase a, Gouvènè Hochul te anonse Pak Belmont la pral òganize Breeders' Cup la an 2027 pou premye fwa nan ventan. Se pral senkyèm fwa Nouyòk pral òganize Breeders' Cup la apre li te òganize l an 1990, 1995, 2001, ak 2005. Breeders’ Cup la nan Belmont Park ap fèt 29-30 oktòb 2027. Tout dat kous yo ap tann apwobasyon Komisyon Jwèt Aza Eta Nouyòk la (New York State Gaming Commission). Pou plis enfòmasyon, vizite belmontstakes.com.

Konsènan New York Racing Association, Inc.
NYRA se yon òganizasyon san bi likratif ke Eta Nouyòk bay franchiz pou fè kous cheval ras pi nan Aqueduct Racetrack, Pak Belmont ak Saratoga Race Course. Pis NYRA se poto mitan ekonomi kous cheval Eta Nouyòk la, ki responsab 19,000 djòbn ak plis pase 3 milya dola enpak ekonomik chak ane nan tout eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU